



# **Gangguan Ngagunakeun Basa**

# Gangguan Ngagunakeun Basa

- Gangguan Akibat Faktor Médis
  1. Gangguan Nyarita
  2. Gangguan Ngagunakeun Basa
  3. Gangguan Mikir
- Gangguan Akibat Faktor Lingkungan Sosial

# Gangguan Nyarita

- **Gangguan Mékanisme Nyarita**
  1. Gangguan Akibat Faktor Pulmonal
  2. Gangguan Akibat Faktor Laringal
  3. Gangguan Akibat Faktor Lingual
  4. Gangguan akibat Faktor Résonansi
- **Gangguan Akibat Multifaktorial**
  1. Nyarita serampangan
  2. Propulsif
  3. Mutis (Mutisme)
- **Gangguan Psikogénik**
  1. Nyarita manja (ogo)
  2. Kemayu
  3. Gagap
  4. Latah

# Gangguan Ngagunakeun Basa

## 1. Afasia Motorik

### a. Afasia Motorik Kortikal

Afasia motorik kortikal téh nya éta leungitna kamampuh pikeun ngedalkeun eusi pikiran ngagunakeun ucapan

### b. Afasia Motorik Subkortika

Jalma anu boga gangguan afasia motorik subkortikal téh teu bisa ngedalkeun eusi pikiranana ngaliwatan ucapan, tapi masih bisa ngaluarkeun ucapan ku cara ngabéo.

### c. Afasia Motorik Transkortikal

Jalma anu boga gangguan afasia motorik transkortikal téh bisa nepikeun ucapan anu singket tur pas (tepat), tapi masih aya kamungkinan ngagunakeun ucapan substitusina

## **2. Afasia Sénsorik**

**Afasia sénsorik téh dibalukarkeun ku ayana karuksakan dina lésikortikal di daérah Wernicke dina hemisferium anu dominan. Bagian éta téh ayana di daérah asosiatif antara daérah visual, daérah sénsorik, daérah motorik, jeung daérah anu ngatur pangrungu. Jalma anu ngalaman afasia sénsorik téh leungiteun pengertian basa lisan jeung basa tulisan, tapi masih kénéh ngabogaan curah verbal, sok sanajan éta hal téh teu dipikaharti ku dirina sorangan jeung ku jalma séjén.**

# GANGGUAN MIKIR

## 1. Pikun (Dimensia)

Jalma pikun nunjukkeun loba gangguan saperti agnosia, apraksia, amnesia, parobahan kapribadian, parobahan prilaku, nu nyababkeun dina sagala macém fungsi intelektual. Sakaéh gangguan jeung hésé nimukeun kecap-kecap anu pas.

## 2. Sisofrenik

Sisofrenik nya éta gangguan basa nu diakibatkeun gangguan berpikir. Nu penderita ieu bisa ngucapkeun *word-salad* ieu ku cara lancer, jeung volume nu cukup, atawa lemah sakali. Penderita sisofrenia bisa ngomong terus-terusan.

### 3. . Defresif

Jalma anun kateken jiwana ngaproyeksikeun penderitana dina gaya basana jeung ma'na curah verbalna. Volume curah verbalna lemah lembut jeung kalancaranana teu lancarku interval nu cukup panjang. Arah arus eusi pikiran teu ka ganggu. Kalancaran ngomongna terputusku tarikan napas jéro, sarta palepasan napas kaluar panjang.

# Gangguan Lingkungan Sosial

## 1. Kasus Kamala

Kasus ayana jalam anu dipiara ku serigala salah sahijina nya éta kasus Kamala jeung adina, budak nu asalana ti India nu ditimukeun ku salah saurang misionaris di Midnapore, India. Dina mimiti ditimukeun Kamara kira-kira umur 8 taun, adina umur 2 taun. Kamal masih bisa hirup népi 9 taun, tapi adina teu lila pupus. Saba hirup ditengah-tengah serigala, manéhna mirip pisan prilaku hirupna sato serigala, jeung komunikasina mirip serigala



## 2. Kasus Genie

Genie tetep aya dina asuhan kolotna, tapi ku cara nu lepas tina kahirupan manusa anu wajar. Ti mimiti umur 20 bulan nép[il ka umur 13 taun. Genia hirup terkucil dina ruangan nu sempit jeung poék dina posisi diuk jeung suku ditalian. Bapana teu resepeun aya sorana naon. Bapana bakal ngahukum sacar fisik lamun aya sora. Hiji-hiji nu sok népungan nya éta indungna sorangan, éta ogé ngan saukur mere dahareun jeung kudu rarusuh.